## I ТЕМА

# Референдум өткериўши комиссиялар искерлигиниң ҳуқықый тийкарлары ҳәм шөлкемлестириў мәселелери

1. Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳәм референдум өткериўши комиссиялар дизими
2. Референдум өткериўши участка комиссияларын дүзиў тәртиби, мүддетлери ҳәм комиссия ағзалығына талабанлар ушын қойылатуғын талаплар
3. Референдум өткериўши участка комиссиясының ўәкилликлери, оларды әмелге асырыў тәртиби ҳәм мүддетлери
4. Референдум өткериўши участка комиссиялары искерлигин нәтийжели шөлкемлестириў

Конституциялық реформаны пуқараларымыз пикри ҳәм қоллап қуўатлаўы тийкарында, референдум арқалы әмелге асырсақ, бул тән мәниде халқымыз ерик-ықрарының көриниси ҳақыйқый халық Конституциясы болады.

**Өзбекстан Республикасы Президенти**
**Шавкат Мирзиёев**

## 1. Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳәм референдум өткериўши комиссиялар дизими

**Конституциялық реформалардың әҳмийети.** Дүньяда ҳәм мәмлекетимизде глобалласыў процесслери жүз бермекте ҳәм бүгин заман ҳәр қашанғыдан да тезлести ҳәмде халқымыздың талап ҳәм мүтәжликлери де артып бармақта. Мәмлекетимиз раўажланыўын жаңа басқышқа алып шығыў ушын мәмлекет басқарыў системасы, жәмийет ҳәм пуқараларымыздың ҳуқықый статусы да өзгериўи керек. Конституциялық реформалардың мақсети **биринshiden,** инсан ҳуқық, миннетлемелери ҳәм еркинликлерин кең тәмийинлеў ҳәм кепиллик бериў, **екинshiden,** жәмәәт шөлкемлери ҳәм пуқаралық жәмийетиниң институтлары искерлиги ушын зәрүр барлық шараятларды жаратыў ҳәм **үшинshiden,** нәтийжели мәмлекетлик басқарыў системасын қәлиплестириўдиң ҳуқықый тийқарларын жетилистириўди талап етеди.

Конституциялық реформалар ***«Алдын – инсан, кейин – жәмийет ҳәм мәмлекет»*** деген идеяны Конституциямыз ҳәм нызамларымызға сиңдириў арқалы еркин, демократиялық, ҳуқықый ҳәм социаллық мәмлекетти қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға қаратылған.

Бүгинги күнге дейин халқымыз тәрепинен Конституциямызды жетилистириўге қаратылған 220 мыңнан аслам усыныс келип түскенлиги «Жәмийет конституциялық реформалар басламашысы» принципин көрсетпекте. Конституциялық нызам жойбарларының референдум арқалы қабыл қылыныўы хәр бир пуқараның конституциялық реформаларға қатнасығы болыўы ҳәм ***«Бул – мениң Конституциям»,*** деген жоқары намыс ҳәм мақтанышты тәмийинлеўге имкан жаратады.

Мәмлекетимиз басшысы Шавкат Мирзиёев конституциялық реформалардың әҳмийети ҳәм конституциялық нызам жойбарының референдум арқалы қабыл қылыныўы ҳаққында төмендеги пикирлерди айрықша билдирген: **«Конституцияға киргизилетуғын барлық дүзетиў ҳәм қосымшалар мәмлекетимиздиң 14 аймақлық бирлигинен ибарат бирден-бир мәмлекетти, миллетине қарамастан, бирден-бир ҳәм күдиретли Өзбекстан халқын және де бирлестиреди ҳәм уллы мақсетлерге қарай мобилизациялайды, деп ойлайман.**

**Бул процесстеги қатнасыўымыз бенен өзимиз, шаңарағымыз, перзентлеримиз мине усы муқаддес жерде және де еркин ҳәм абадан жасаўы ушын беккем тийкар жарататуғынымызды ҳеш қашан умытпайық. Бул жаңалықлар анық нызам ҳәм кодекслер, әмелий бағдарламалар ҳәм режелер менен турмысымызда, әлбетте, өз көринисин табады. Ҳәр бир конституциялық норманың орынланыўын тәмийинлеў бойынша анық социаллық, экономикалық, сиясий-ҳуқықый илажлар көриледи.**

**Ҳәр бир пуқара күнделикли турмыста, өз ҳуқықларын әмелге асырыў ҳәм қорғаўда Конституциямыздан күш-қуўат алып ҳәрекет етиўи, оған сүйениўи керек».**

## Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлери дизими:

1. Өзбекстан Республикасы Конституциясы (1992 жыл 8 декабрь).
2. «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамы (1991 жыл 18 ноябрь) ҳәмде 2001 жыл 30 августта 265-II-сан Нызам менен тастыйықланған «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамы (жаңа редакциясы).
3. «Референдум округлери ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы реже», Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2022 жыл 28 июндағы 1171-сан қарары менен тастыйықланған.
4. «Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы реже», Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2022 жыл 28 июндағы 1172-сан қарары менен тастыйықланған.

## Референдум түсиниги ҳәм референдумның сайлаўлардан өзгешелиги:

«Өзбекстан Республикасының референдуми Өзбекстан Республикасының нызамларын ҳәм басқа қарарларды қабыл қылыў мақсетлеринде жәмийет ҳәм мәмлекет өмириниң ең әҳмийетли мәселелери бойынша пуқаралардың улыўма халықлық даўыс бериўи болып есапланады.

Референдум сайлаўлар менен бир қатарда халық еркиниң тиккелей сәўлелениўи болып есапланады.

Референдумда қабыл қылынған қарарлар жоқары юридик күшке ийе болады.

Егер референдумда қабыл қылынған қарарларда басқаша тәртип нәзерде түтылған болмаса, референдумда қабыл қылынған қарарлар тек референдум жолы менен бийкар қылыныўы яки өзгертирилиўи мүмкин.

Референдум Өзбекстан Республикасының бәрше аймағында өткериледи.»

*«Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамның 1-статьясы*

Сайлаў — сиясий партиялар тәрепинен көрсетилетуғын талабанлар арасынан мәмлекет басшысы лаўазымына, парламент ҳәм жергиликли Кеңеслер депутатлығына пуқаралардың жасырын даўыс бериў жолы менен сайлаўды аңлатады.

## Өзбекстан Республикасында референдум қашан өткериледи?

«Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының референдумды өткериў ҳәм референдум өткерилетуғын сәнени тайынлаў ҳаққындағы қарарларында оны өткериў сәнеси белгиленеди, бунда даўыс бериў палаталардың қарарлары жәрияланған күннен баслап бир ярым айдан үш айға шекем болған дәўирде қәлеген күнге тайынланыўы мүмкин».

*«Өзбекстан Республикасы референдуми ҳаққында»ғы Нызам, 14-статья*

## РЕФЕРЕНДУМДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ӨТКЕРИЎ КОМИССИЯЛАР ДИЗИМИ

I — Орайлық сайлаў комиссиясы

II — Референдум өткериўши округ комиссиясы

III — Референдум откериўши участка комиссиясы

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ

## ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ:

- Референдум нызамшылығын орынланыўын тәмийинлейди ҳәм қадағалайды;
- Референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тараўында қарарлар қабыл қылады, инструкция ҳәм қағыйдаларды тастыйықлайды;
- Референдум өткериўши округларды дүзеди ҳәм округ комиссияларын тастыйықлайды;
- Референдум өткериўши комиссиялар искерлигин методикалық жақтан тәмийинлеўди әмелге асырады;
- Сырт ел мәмлекет ҳәм халықаралық шөлкемлер гүзетиўшилерине мандат береди;
- Референдум нәтийжелерин анықлайды ҳәм жәриялайды.

## Референдум округлары

Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы шегаралары шеңберинде **14 референдум округлары дүзиледи.**

Ҳәмме округлар көлеминде берилген даўыслар нәтийжесинде Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен референдум жуўмақлары жәрияланады.

## Референдум округларын дүзиў тәртиби

Орайлық сайлаў комиссиясы референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин кеши менен бес күн ишинде референдум округларын дүзиў ҳаққында қарар қабыл қылады. Орайлық сайлаў комиссиясының усы қарарында төмендегилер тастыйықланады:

- референдум округларының дизими;
- округлардың шегаралары;
- референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралар саны;
- округ комиссиялары жайласатуғын имаратлардың мәнзили.

## Референдум округ комиссиялары қандай дүзиледи?

«Референдум өткериўши округ комиссиясы референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғанынан кейин Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен он күннен кешиктирмей комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткеринен ҳәм комиссияның сегиз — он сегиз адам басқа ағзаларынан ибарат қурамда дүзиледи.

Референдум өткериўши округ комиссиялары ағзалығына талабанлар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, халық депутатлары ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслериниң жыйналысларында додаланады ҳәмде референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғанынан кейин жети күннен

кешиктирмей Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықлаў ушын усынылады».

*«Өзбекстан Республикасы референдуми ҳаққында»ғы Нызам, 19-статьясы*



**Округ комиссияларының ўәкилликлери:**

- округ аймағында «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамы орынланыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырады ҳәм оның бирдей тәризде қолланылыўын тәмийинлейди;
- референдумды өткериўши участкаларды дүзеди ҳәм участка комиссиялары ағзаларын тастыйықлайды;
- пул қаржыларын референдум өткериўши участка комиссиялары ортасында бөлистиреди, референдум өткериўши участка комиссияларының имаратлар, транспорт ҳәм байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды;
- участка комиссияларын даўыс бериў бюллетеньлери менен тәмийинлейди, тийисли округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлайды ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясына усынады.

## 2. Референдум өткериўши участка комиссияларын дузиў тәртиби, мүддетлери ҳәм комиссия ағзалығына талабанлар ушын қойылатуғын талаплар

Референдум участкалары районлар, қалалар ҳәкимлериниң усынысына муўапық референдум өткериўши округ комиссиялары тәрепинен дүзиледи.

Әскерий бөлимлерде референдум участкалары бөлимлер яки әскерий бирлеспелер командирлериниң усынысына муўапық округ комиссиялары тәрепинен дүзиледи.

*Әскерий бөлимлерде, Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында, сондай-ақ алыс ҳәм барыў қыйын болған жерлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында да референдум участкалары мине усы мүддетте, айрим жағдайларда болса айрықшалық тәртипте референдум өткериўге кеминде бес күн қалғанда дүзиледи.*



## Участка комиссиясын дүзиў мүддети ҳәм тәртиби

Участка комиссиясы округ комиссиясы тәрепинен референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғанынан кейин жигирма бес күннен кешиктирмей 5 – 19 адам ағзадан, соның менен бирге баслық, баслық орынбасары ҳәм хаткерден ибарат қурамда дүзиледи. Участка комиссиясы қурамының саны зәрүр жағдайларда көбейтирилиўи яки кемейтирилиўи де мүмкин.

### Участка комиссиясын дүзиў тәртиби

- ағзалыққа талабанлар пуқаралардың өзин өзи басқарыў органлары, жәмәәт бирлеспелери, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлер тәрепинен шақырылады;
- бул талабанлар халық депутатлары район, қала Кеңеслериниң жыйналысларында додаланады ҳәмде тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына тастыйықлаў ушын усынылады;
- округ комиссиясы участка комиссиясы ағзаларын тастыйықлайды ҳәм жәриялайды.

### Участка комиссиясы ағзалығына талабанлар ушын қойылатуғын талаплар

Жигирма бир жасқа толған, орта яки жоқары мағлыўматқа, әдетте, сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша ис тәжрийбесине ийе болған, халық арасында аброй итибарға ийе болған пуқаралар участка комиссиясының ағзалары болыўы мүмкин.

Төмендегилер референдум өткериўши участка комиссиясының ағзасы болыўы мүмкин емес:

- сиясий партиялардың ағзалары;
- ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимлери;
- прокуратура органларының лаўазымлы шахслары;
- судлардың лаўазымлы шахслары;
- пуқаралардың белсенди топары қурамына кириўши ағзалары.



**Участка комиссиясы ағзаларының ярымынан көби 1 шөлкемнен болыўы мүмкин емес.**

Сайлаў процессин басқарыў мәлимлеме системасы (СПБМС) ҳәм Сайлаўшылардың бирден бир электрон дизими (СБЭД) компьютер дәстүрлери менен ислеў ушын ҳәр бир участка комиссиясы қурамында хабар коммуникация технологиялары тараўларында билим ҳәм әмелий көнликпеге ийе кеминде еки шахс (тийкарғы ҳәм қосымша) болыўы усынылады.

**Участка комиссиясы ағзаларының қалған ярымын қәлиплестириўде төмендеги резервлерден пайдаланыў усынылады:**

- сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша ис тәжирийбесине ийе, халық ортасында аброй итибарға ийе пуқаралар;
- мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтлары ўәкиллери;
- ҳуқықый билим ҳәм қанийгеликке ийе шахслар (юрисконсультлар, адвокатлар ҳәм т.б.);
- шет тиллерин билетуғын қәнийгелер.

**Участка комиссиялары қурамына төмендегилерди киритилиўине итибар қаратыў лазым:**

- хаял ҳәм еркеклердиң тең ўәкиллигин тәмийинлеўге;
- майыплылығы болған социаллық актив пуқараларды.

**Төмендеги жағдайларда участка комиссиясы ағзасы өз арзасына яки оны комиссия ағзасы етип тастыйықлаған органның қарарына көре комиссия қурамынан шығарылады:**

- референдум өткериўши басқа комиссия қурамына сайланғанда;
- сиясий партияға ағза болғанда;
- ўәлаят, район, қала ҳәкими етип тайынланғанда (тастыйықланғанда);
- прокуратура яки судқа жуўапкер лаўазымға тайынланғанда (сайланғанда).

**Участка комиссиясы ағзалары қандай хошаметленеди?**

Референдум өткериўши комиссиялардың ағзаларына референдумға таярлық көриў ҳәмде оны өткериўге тийисли қәрежетлер сметасында көрсетилген муғдарда:

- транспорт;
- аўқатланыў қәрежетлери ҳәм басқа қәрежетлердиң орнын каплаў мақсетинде компенсация төленеди.

*Референдум өткериўши комиссияның баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса басқа ағзаларынан бири комиссияның қарарына муўапық референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў даўиринде ислеп шығарыў яки хызмет ўазыйпаларын орынлаўдан азат етилиўи мүмкин. Бунда референдум өткериў ушын ажыратылатуғын қаржылар есабынан оның орташа айлық ис хақы сақлап қалынады.*

## 3. Референдум өткериўши участка комиссиясының ўәкилликлери, оларды әмелге асырыў тәртиби хәм мүддетлери

**Участка комиссиясының ўәкилликлери:**

– референдум участкасы бойынша даўыс бериўши пуқаралардың дизимин СПБМСдағы СБЭД тийкарында дүзеди;

– пуқараларды даўыс бериўши пуқаралар дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтеликлер хәм анықсызлықлар хаққындағы арзаларды қабыл қылады хәмде көрип шығады хәм дизимге тийисли өзгерислер киритиў хаққындағы мәселени шешеди;

– участка комиссиясы даўыс бериўши пуқараларды дизим менен танысып шығыў орны хәм ўақты хаққында хабардар қылады;

– референдум күни өз жасаў орнында болыў хәм даўыс бериўде қатнасыў имканиятына ийе болмаған хәм мүддетинен алдын даўыс берген даўыс бериўши пуқаралардан толтырылған даўыс бериў бюллетенлерин жабық конвертлерде қабыл қылып алады;

– халықты референдум күни хәм даўыс бериў орны хаққында хабардар етеди;

– имараттың жасырын даўыс бериў кабиналары яки ханалары, даўыс бериў қутылары, сондай-ақ басқа үскенелер менен тәмийинлейди;

– референдум күни участкада даўыс бериўди шөлкемлестириў;

– ден-саўлығының жағдайына яки басқа себеплерге көре даўыс бериў имаратына келе алмаған даўыс бериўши пуқаралардың илтимасына муўапық олар турар жеринде даўыс бериўди шөлкемлестиреди;

– даўысларды санап шығады;

– даўыс бериўши пуқаралардың хәм референдум процесси басқа қатнасыўшыларының мүрәжатларын көрип шығады хәмде олар бойынша қарарлар қабыл қылады.

**Участка комиссиясы баслығы:**

– участка комиссиясы искерлигине басшылық қылады;

– комиссия жыйналысларын шақырады, оларда басшылық қылады ҳәм оны өткериў тәртибин белгилейди;

– комиссия ағзалары ортасында ўазыйпаларды бөлистиреди;

– мәмлекет органлары, халықаралық шөлкемлер, жәмәәт бирлеспелери менен қатнасықларда комиссия атынан қатнасады;

– участка комиссиясы жайласқан имарат ҳәм даўыс бериў ханасының әсбап-үскенелер менен тәмийинлениўин шөлкемлестиреди;

– участка комиссиясы қарарлары, комиссия баслығының орынбасары, хаткери ҳәм ағзаларының гуўалықлары ҳәмде басқа ҳүжжетлерди имзалайды;

– физикалық ҳәм юридикалық шахслардан келип түскен мүрәжатларды комиссия ағзалары ортасында көрип шығыў ушын бөлистиреди;

– даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилгенлер ҳаққындағы мағлыўматлардың дурыслығын тексериў ушын участка сайлаў комиссиясы ағзаларының үйме-үй айланып шығыўын шөлкемлестиреди ҳәм муўапықластырып барады;

– участка комиссиясы ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпаларын белгилейди;

– жергиликли гүзетиўшилер, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлер гүзетиўшилери менен комиссия атынан жумыс алып барады;

– референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў барысындағы ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, бул ҳаққында округ комиссиясын яки ҳуқықты қорғаўшы уйымларды хабардар қылады.

*Участка комиссиясы баслығы өз ўәкилликлерин орынлай алмаған, сондай-ақ участка комиссиясы баслығы болмаған жағдайда, оның ўәкилликлери баслық орынбасары яки участка комиссиясы қарары менен комиссия ағзаларынан бириниң жуўапкершилигине жүкленеди.*

## Участка комиссиясы баслығы орынбасары:

– участкалық комиссиясы ағзаларының маманлығын арттырыў ҳәм олардың жумысының методикалық жақтан тәмийинлениўин шөлкемлестиреди;

– ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен байланыс орнатады, оларда комиссия жумысын ҳәр тәреплеме жарытылыўын шөлкемлестиреди;

– жергиликли гүзетиўшилер, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден гүзетиўшилерди тийисли референдум комиссиясы тәрепинен берилген ҳүжжетлер тийкарында дизимге алыўды шөлкемлестиреди;

– физикалық ҳәм юридик шахсларды, сондай-ақ олардың ўәкиллерин қабыл етеди ҳәм олардың мүрәжатларын белгиленген тәртипте көрип шығыўды шөлкемлестиреди;

– участка комиссиясы ағзаларын қатнастырған халда комиссия қарарлары орынланыўын тәмийинлейди;

– участка комиссиясы баслығының тапсырмаларын орынлайды;

– өз ўәкилликлери шеңберинде участка комиссиясының басқа ағзаларына тапсырмалар береди.

## Участка комиссиясы хаткери:

– мәжлислерди шөлкемлестиреди, додаланатуғын мәселелер бойынша қарар ҳәм басқа ҳүжжетлер жойбарларын таярлайды;

– мәжлис өткерилиў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар қылады;

– баслық ҳәм баслық орынбасары тапсырмаларын орынлайды;

– ис ҳүжжетлерин номенклатура тийкарында жүритип барады;

– округ комиссиясы хаткеринен СПБМС кириў ушын тийисли мағлыўматларды алады;

– даўыс бериўши пуқаралардың дизимин СБЭДдан жүклеп алады ҳәм комиссия баслығына усынады;

– референдум нызамшылығына муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

### Участка комиссиясы ағзасы:

– участка комиссиясы баслығы тәрепинен бөлистирилиўине тийкар өзине жүкленген ўазыйпаларды ҳәмде баслық ҳәм оның орынбасары тапсырмаларын өз ўақтында, сыпатлы орынлайды;

– участка комиссиясы мәжлислеринде қатнасады;

– көрип шығыў өзине жүклеңен физикалық ҳәм юридик шахслардың мүрәжатларын белгиленген мүддетлерде көрип шығылыўын тәмийинлейди;

– участка комиссиясы баслығы тәрепинен даўыс бериў күниндеги белгиленген ўазыйпалардың өз ўақтында ҳәм сапалы орынланыўын тәмийинлейди;

– референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў барысындағы ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, олар ҳаққында дәрхал баслық яки баслық орынбасарын хабардар қылады;

– даўыс бериўши пуқараның шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжети тийкарында оның даўыс бериўши пуқаралар дизиминдеги мағлыўматларды тексереди, оған даўыс бериў ушын даўыс бериў бюллетенин имза қойдырып тапсырады;

– гүзетиўшилерге ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине референдум процессин гүзетиў ушын шәрт шараятлар жаратады.

## 4. Референдум өткериўши участка комиссиялары искерлигин нәтийжели шөлкемлестириў

Участка комиссиясының мәжлиси, егер онда мәжлис өткерилип атырған күндеги комиссия ағзалары улыўма санының кеминде үштен еки бөлими қатнасып атырған болса, ўәкилликли есапланады.

Участка комиссиясының қарары ашық даўыс бериў жолы арқалы комиссия ағзалары улыўма санының көпшилик даўысы менен қабыл қылынады. Даўыслар тең болып қалған жағдайда, басшылық етиўшиниң даўысы шешиўши есапланады.

**Участка комиссиясының мәжлислеринде:**



– жоқары турыўшы комиссия ағзалары;
– сиясий партиялардан;
– пуқаралардың өзин өзи басқарыў органларынан;
– пуқаралар белсенди топарларынан гүзетиўшилер;
– ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери;
– басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден гүзетиўшилер қатнасыўы мүмкин.



***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Участка комиссиясы жумысының шөлкемлестириў формасы оның зәрүрлигине қарап өткерилетуғын мәжлиси есапланады.***

Участка комиссиясының қурамы тастыйықланғанынан соң төмендеги ис-иләжларды әмелге асырады:

Бир күнлик мүддетте участка комиссиясының биринши шөлкемлестириў мәжлисинде көрип шығылатуғын мәселелер:

– участка комиссиясының референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли ис режесин тастыйықлаў;

– участка комиссиясы ағзалары ортасында ўазыйпаларды бөлистириў;

– участка комиссиясы ағзалары тәрепинен пуқаралардың ҳәр күнлик қабыллаўын шөлкемлестириў;

– участка комиссиясы ағзаларының нәўбетшилигин шөлкемлестириў;

– участка комиссиясының ис ҳүжжетлери номенклатурасын ислеп шығыў, тастыйықлаў ҳәм әмелде қоллаў ҳаққында қарар қабыл қылыў.

Участка комиссиялары референдум жуўмақлары рәсмий жәриланғанынан кейин өз искерлигин тамамлайды.